

Nou asosye avèk NYC Kids RISE ki pa la pou fè pwofi nan Save for College Program (Pwogram Ekonomize pou Inivèsite) NYC Kids RISE a. Pwogram gratis sa a bay elèv ki kalifye yo yon NYC Scholarship Account (Kont Bousdetid Vil Nouyòk) avèk lajan pou frè fòmasyon pwofesyonèl ak fakilte ki kalifye yo. NYC Kids RISE ap louvri yon kont nan non chak elèv epi depoze 100\$ nan chak kont. Anplis depo inisyal sa a, NYC Kids RISE angaje kominote yo nan ranmase lajan chak ane pou kont bousdetid yo. Depi pwogram nan te kòmanse an 2017, patnè kominotè yo, biznis lokal yo, vwazen yo, ak lòt moun te ranmase plis pase 3.6\$ milyon dola pou kolèj nan lavni ak depans fòmasyon karyè elèv k ap patisipe yo. Vizite <http://nyckidsrise.org> pou aprann plis sou Save for College Program (Pwogram Ekonomize pou Inivèsite) a

Kiyès ki kalifye pou program sa a?

Elèv ki:

- Ki te kòmanse kindergaten aprè 2017, ak
- Yo te enskri nan yon lekòl k ap patisipe pou apeprè 60 jou

Lekòl k ap patisipe

Lekòl Kominotè Distri 30 ki Ap Patisipe

- P.S. 002 Alfred Zimberg
- P.S. 011 Kathryn Phelan
- P.S. 017 Henry David Thoreau
- P.S. 069 Jackson Heights
- P.S. 070
- P.S. 076 William Hallet
- P.S./I.S. 78Q
- P.S. 084 Henry David Thoreau
- P.S. 085 Judge Charles Vallone
- P.S. 092 Harry T. Stewart Sr.
- P.S. 111 Jacob Blackwell
- P.S. 112 Dutch Kills
- P.S. 122 Mamie Fay
- P.S. 127 Aerospace Science Magnet School
- P.S. 148 Queens
- P.S. 149 Christa McAuliffe
- P.S. 150 Queens
- P.S. 151 Mary D. Carter
- P.S. 152 Gwendoline N. Alleyne School

InfoHub Opt Out Details

Fall 2020 Opt Out Notice [HAITIAN CREOLE]

- P.S. 166 Henry Gradstein
- P.S. 171 Peter G. Van Alst
- P.S. 212
- P.S. Q222 - Fire Fighter Christopher A. Santora School
- P.S. 228 Early Childhood Magnet School of the Arts
- P.S. 234
- P.S. 280
- The 30th Avenue School (G&T Citywide)
- Lekòl Kominotè East Elmhurst
- Lekòl Kominotè Woodside
- P.S. 384
- P.S. 398 The Héctor Figueroa School

Lekòl Distri 75 Ki ap Patisipe

- The Riverview School (P277 @ Q76 and P277 @ Q78 sit sèlman)
- P255 (Q397 sit sèlman)
- P4 (Skillman sit sèlman)

Lekòl Piblik k'ap patisipe

- Academy of the City Charter School
- Charter School Growing Up Green
- Our World Neighborhood Charter School
- Renaissance Charter School
- Charter School VOICE

Kòman kont lan te louvri?

Pou louvri yon kont nan non elèv ou a, nou bezwen bay kèk enfòmasyon sou ou menm ak elèv ou a NYC Kids RISE ak patnè yo VistaShare.

Ki enfòmasyon yo pral pataje si nou patisipe nan pwogram lan?

Nou pral pataje sèlman sa ke yo rekonèt kòm "Anyè Enfòmasyon" sou ou menm ak elèv ou an.

Anyè Enfòmasyon pou Elèv yo Gen ladan:

- Yon Nimewo idantifikasyon paran inik a pwogram lan;
- Non konplè
- Anivèsè
- Adrès Lakay
- Kit adrès lakay la chanje
- Nimewo telefòn lakay

- Non lekòl
- Nivo klas aktyèl la
- Lang (yo) pale lakay la
- Transfè yo te fè nan lòt lekòl, si genyen, tou de andedan ak deyò sistèm lekòl leta NYC.

Enfòmasyon sou Anyè pou Paran yo Gen ladan:

- Nimewo idantifikasyon paran inik a pwogram lan;
- Non konplè
- Adrès Imèl
- Nimewo telefòn oswa lòt/ak selilè.

Ki moun ki jwenn enfòmasyon anyè a?

NYC Kids RISE ak VistaShare.

Kòman NYC Kids RISE ak VistaShare itilize li?

Yo sèlman pèmèt yo itilize oswa pataje Anyè Enfòmasyon nan kouri ak evalye pwogram yo. Okenn òganizasyon pa gen dwa vann, itilize, oswa pataje Enfòmasyon sou Anyè a pou piblisite, maketing, oswa lòt rezon komèsyal yo. An reyalyite, yo bezwen apwobasyon nou anvan yo pataje Anyè Enfòmasyon an ak nenpòt lòt moun.

Ki règ ki genyen sou pataje enfòmasyon elèv yo?

Yon lwa federal ki rele Family Educational Rights and Privacy Act (Lwa sou Dwa Konfidansyalite Edikasyonèl Fanmi) anpeche nou pataje enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman yon elèv san pèmasyon yon paran oswa yon gadyen legal. Sepandan, sof si ou di nou pa fè sa, nou ka pataje Anyè Enfòmasyon sou ou menm ak elèv ou an.

Kisa mwen dwe fè pou enskri elèv mwen an?

Ou pa bezwen fè anyen pou patisipe nan pwogram nan. Si elèv ou a nan youn nan lekòl k ap patisipe yo - pou apeprè 60 jou - yo pral otomatikman enskri epi resevwa yon NYC Scholarship Account (Kont Bousdetid Vil Nouyòk). Chak NYC Scholarship Account (Kont Bousdetid Vil Nouyòk) vini ak yon 100\$ premye depo nan NYC Kids RISE. Ou pa bezwen depoze okenn lajan ou pou jwenn kont sa a.

Èske mwen ka patisipe nan pwogram lan san mwen pa pataje enfòmasyon mwen?

Malerezman, non. NYC Kids RISE ak VistaShare bezwen enfòmasyon sa yo nan lòd yo kouri pwogram nan.

Kouman pou mwen retire m nan Pwogram lan?

Si ou pa vle patisipe nan Pwogram lan, mande yon fòm retrè enprime de koòdonatè paran nan lekòl elèv ou a. Paran/gadyen yo dwe ranpli, siyen epi retounen fòm lan bay Sekretè lekòl ou a pi vit ke posib. Ou ka jwenn dat limit ou pou chwazi pou w soti sou fòm lan.

Si ou pa patisipe nan dat limit ou an, ou dakò pou genyen Anyè Enfòmasyon ki endike anwo a te pataje avèk NYC Kids RISE ak VistaShare. Tou depan de dat ou ap li paj entènèt sa a, dat limit ou pou chwazi soti ka oswa pa gentan pase. Si dat limit la pase, ou toujou gen opsyon pou anile kont pitit ou a nenpòt ki lè. Tanpri kontinye li pou plis detay oswa kontakte Koòdonatè Paran lekòl ou a avèk nenpòt kesyon sou dezabònman oswa anile.

A kiyès mwen ka pale si mwen gen kesyon?

Pale avèk Koòdonatè Paran lekòl ou a si ou gen kesyon sou:

- Kalite enfòmasyon ki bezwen pataje pou elèv ou a ka patisipe nan pwogram nan
- Sòti nan pwogram lan
- Elimine kont pitit ou a
- Re-enskri nan pwogram

Rele NYC Kids RISE nan 833-543-7473 oswa imel yo nan info@nyckidsrise.org si ou gen kesyon sou:

- Tip investisman kont lan itilize
- Matche lajan
- Kalifikasyon
- Lòt kesyon ki gen rapò ak pwogram lan